



SISTÈM PWOTEKSYON TIMOUN

Ki objektif sistèm pwoteksyon timoun Florid?

Objektif nou se pou asire timoun yo jwenn pwoteksyon kont abi oswa neglijan pandan n ap fè tout sa nou kapab pou fè manm fanmi yo toujou ansanm.

Kisa yon ankèt pou pwoteksyon timoun ye?

Genyen yon ankèt lè yo rele Florida Abuse Hotline (Liy Dirèk Florida pou Abi) nan telefòn pou fè li konnen yon timoun viktim abi oswa neglijan. Lalwa Leta Florid egzije anketè pou pwoteksyon timoun detèmine si yon timoun k ap viv lakay ou viktim yon move tretman. Si yon timoun ta viktim abi oswa neglijan, genyen sèvis ki disponib pou ede fanmi an fè timoun nan jwenn pwoteksyon epitou pou pa kite timoun lan vin viktim nan lòt abi oswa neglijan.

Kouman pou mwen konnen moun k ap frape pòt mwen se vrèman yon anketè pou pwoteksyon timoun?

Anketè a ta dwe prezante ou pyès idantifikasyon kòrèk li anvan li antre lakay ou. Ou kapab tcheke si moun lan ap travay kòm yon anketè pou pwoteksyon timoun si ou rele biwo lokal anketè a oswa si w rele Liy Dirèk Abi (Abuse Hotline) gratis nan nimewo 1-800-96ABUSE. Non ak nimewo telefòn anketè a ekri pa dèyè tiliv sa a. Ou kapab rele anketè a pou jwenn enfòmasyon oswa asistans nenpòt kilè pandan ankèt la.

Kouman y ap rasanble enfòmasyon yo?

Ou kapab ede anketè pou pwoteksyon timoun lan si ou reponn kesyon yo avèk onètete epitou si ou bay enfòmasyon li mande w yo. Si ou kache enfòmasyon yo oswa si ou bay 'demi-verite', ou pa ede anketè oswa ou pa ede tèt ou. Si pitit ou viktim move tretman, fason ou konprann pwoblèm lan ak volonte ou genyen pou diskite sou sa libelibè avèk anketè a se atitud ki enpòtan nan ede detèmine fason pou amelyore sitiyasyon an pou pitit ou ak fanmi ou.

Anketè a ap pale avèk ou, pitit ou, manm fanmi ou yo, epitou l ap kontakte lòt moun ki konnen fanmi ou tankou yon pwofesè oswa yon vwazen. **Lalwa Leta Florid mande pou yo fè vizit ak antrevi yo avèk timoun lan ak fanmi an san yo pa anonse sa davans kèlkeswa lè sa posib, epitou sa kapab pèmèt yo fè antrevi avèk pitit ou sa ou pa la.** Ou kapab anrejistre antrevi a nan videyo oswa nan kasèt avèk anketè pou pwoteksyon timoun lan, avèk ekipman ou, si ou genyen li imedyatman. Yon avoka kapab reprezante ou nan nenpòt pwen pandan ankèt la. Si ou chwazi pou retade antrevi ou avèk anketè a pou yon avoka kapab reprezante ou, anketè a ap kontinye pran enfòmasyon yo nan men lòt moun, epi nan men manm fanmi ou tou.

Lalwa leta otorize tribinal pran yon desizyon si ou kache pitit ou oswa si ou pa mete li disponib pou kapab retade oswa anpeche ankèt la. **Lalwa egzije ou tou pou fè ankètè pou pwoteksyon timoun lan konnen nan de (2) jou ouvrab si ou demenaje oswa si adrès pitit ou oswa si akò pou rete nan yon kay chanje.**

Ki rezilta posib ankèt la?

Ankèt konsènan pitit ou se yon ankèt ki nesèsè pou fèt an 60 jou, sof nan ka ki gen pou wè ak lanmò yon timoun, timoun ki disparèt, oswa lè lapolis genyen yon ankèt kriminel k ap fèt. Pifò rapò yo pa montre okenn endikasyon abi oswa neglijan sou timoun epitou ankèt la fèmen san yo pran okenn lòt mezi.

Si yo idantifye abi oswa neglijan sou timoun, anketè a ap egzamine avèk ou ki sèvis ak resous yo kapab ofri pou fanmi ou ki ta pèmèt pitit ou rele nan kay la pandan sa ap anpeche timoun lan viktim nan abi oswa neglijan ankò. Dapre sitiyasyon fanmi ou, anketè a ap kapab anvizaje, (1) rekòmande ou ba yon biwo kominotè lokal pou jwenn èd, (2) ofri sèvis jesyon dosye nan kay, oswa (3) mande yon jij pou akòde sipèvizyon tribinal egzije ak sipèvizyon fanmi ou.

Nan pifò sitiyasyon yo, rekòmandasyon sèvis ak sèvis jesyon dosye nan kay ap diminye anpil nesèsite pou genyen yon ankèt pou rekòmande pou yo pran mezi ki pi serye, tankou mete timoun lan deyò nan kay, jan lalwa otorize sa. Ou genyen dwa pou refize sèvis yo ak asistans ankèt la ofri ou. Si ou refize sèvis yo, lalwa egzije anketè a pou li detèmine si sipèvizyon tribinal la nesèsè pou pwoteje pitit ou.

Paran (yo) timoun lan, ak nenpòt moun yo akize ki te lakòz abi oswa neglijan sou timoun lan kapab mande yon kopi dosye ankèt la. Demand sa a ta dwe fèt dirèkteman ba anketè a oswa ba sipèvizè ki genyen non li endike padèyè tiliv sa a.

Ki dwa mwen genyen si yo retire pitit mwen lakay mwen?

Si pitit ou an danje imedyat epi dispozisyon sèvis nan kay la pa ta asire sekirite pitit ou nan kay la, anketè ap mete pitit ou nan kay yon manm fanmi oswa nan kay yon zanmi pwòch, oswa nan yon refij ki genyen lisans biwo a. Y ap fè yon odizyon nan tribinal nan 24 èdtan pou yon jij kapab deside si pitit ou ta dwe retounen lakay ou oswa si pitit ou

ta dwe kontinye rete ap pran swen pou yon ti tan ak lagad depatman an. Ou genyen dwa pou jwenn yon avoka, pou tandè ou, epitou pou prezante prèv nan odisyon pou refij la.

Si yo mete pitit ou deyò lakay ou, jij la ap pa ba ou dwa pou vizite pitit ou. Sa ap genyen ladan moun kin genyen pèmasyon pou wè timoun lan ak si vizit yo ta dwe sipèvizè. Ou kapab vizite pitit ou epi pale avèk li jan jij la otorize ou fè sa. Selon biwo ki nan zòn kote w ap viv, swa anketè pou pwoteksyon timoun lan oswa yon responsab dosye ki nan biwo swen kominotè zòn ou ap fè aranjman pou lè ak kote pou vizit ak apèl nan telefòn yo ant oumenm ak pitit ou.

Malgre posiblité ki genyen pou vin fache ak kontrarye, li enpòtan pou ou kontinye pran swen pitit ou. Pou fè sa, ou dwe bay enfòmasyon sou nenpòt eta sante espesyal, bezwen rejim alimantè, alèji ou konnen li genyen, oswa pwoblèm konpòtman ki afekte pitit ou.

Y ap mande ou pou w siyen fòmilè pou endike ou dakò pou pitit ou swiv tretman medikal ki nesèsè. Sa a enpòtan nan ka pitit ou blese oswa si li vin malad epi ou pa disponib fasil pou bay konsantman ou pou li kapab swiv tretman medikal.

Anplis vizit ou kapab fè pou wè pitit ou, nou ankouraje ou pou rele li ak ekri li lèt, sof si tribinal la anpeche sa. Timoun yo ap kontan tou lè yo genyen rad, foto ak jwèt yo pi renmen avèk yo pandan y ap ajiste nan nouvo antouraj yo. Tanpri tcheke avèk anketè a oswa responsab dosye a konsènan fason yo kapab ofri atik sa yo pou pitit ou.

Kisa tribinal la mande pou mwen fè?

Sof nan ka kote timoun lan viktim abi oswa neglijan ki grav, li nan pi bon enterè pitit ou pou li reyini avèk ou san pèdi tan. Pou apwouve reyinifikasyon a, tribinal la ap vle wè kondisyon ki te lakòz yo retire pitit ou pa reprezante yon danje ankò pou pitit ou.

Li enpòtan pou ou konprann ak patisipe okonplè nan pwosesis pou detèmine ki travay ak aktivite ki dwe fèt anvan pitit ou kapab retounen nan kay la. Y ap mande ou pou patisipe nan yon medyasyon oswa nan konferans planifikasyon dosye pou devlope yon "plan dosye". Plan dosye a se akò ofisyèl ant oumenm ak tribinal la konsènan sa li mande pou fè, ak sa ou kapab espere nan biwo yo te mande pou ede ou.

Lalwa leta ak lalwa federal egzije paran yo pou yo anmezi pou bay yon kay estab pou pitit yo nan 12 mwa ki vini apre dat yo te mete pitit ou deyò kay la. Apre pitit ou fin retounen nan kay la, anjeneral, sipèvizyon tribinal la ap kontinye pandan yon lòt peryòd sis (6) mwa.

Si pitit ou pa kapab retounen nan kay la an sekirite nan peryòd 12 mwa a, tribinal la ap detèmine swen ak objektif alontèm pou timoun lan, epitou sipèvizyon tribinal la ap kontinye jouk lè yo fè aranjman pou lòt swen pèmanan.

Si ou genyen kesyon, ou kapab rele anketè oswa sipèvizè ki endike anba a.

Non Anketè:

Nimewo Telefòn Anketè:

Non Sipèvizè:

Nimewo Telefòn Sipèvizè:

W ap jwenn enfòmasyon sou asistans pou manje, asistans lajan kach pou yon ti tan oswa Medicaid nan ACCESS Florida si ou rele 1-866-76ACCESS oswa si ou aplike sou Entènèt nan sit wèb www.myflorida.com/accessflorida/.

Pou asirans-maladi KidCare, rele 1-888-540-5437 oswa ale sou sit wèb www.floridakidcare.com.

Pou sèvis ki nan kominote ou, rele 211 oswa ale sou sit wèb <http://flweb211.myflorida.com>. Ou kapab mande anketè oswa responsab dosye ou tou.